CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८३

२५।८।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आ.व. २०७७/७८ मे श्रम, रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षामे विनियोजित बजेटके संक्षेपिकरण

### रोजगार प्रवर्द्धन कार्यक्रम

कुल बजेट

रु. ३१,४१,००,०००

*(सब वैदेशिक अनुदान)*

### प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम

| | |
|---|---|
| कुल बजेट | रु. ६,८३,२८,००,००० |
| नेपाल सरकार | रु. ५६,३३,००,००० |
| वैदेशिक ऋण | रु. ६,२६,९५,००,००० |

### व्यवसायजन्य सुरक्षा तथा स्वास्थ्य केन्द्र

कुल बजेट

रु. २,१४,००,०००

*(सब योगदान नेपाल सरकार सँ)*

| | |
|---|---|
| **जम्मा** | **रु. ७,१६,८३,००,०००** |
| नेपाल सरकार | रु. ५८,४७,००,००० |
| वैदेशिक अनुदान | रु. ३१,४१,००,००० |
| वैदेशिक ऋण | रु. ६,२६,९५,००,००० |

उपरके तथ्यांक देखला सँ श्रम, रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षामे विनियोजित बजेटके जम्मा ८% योगदानमे मात्रे सरकारके आत्मनिर्भरता देखाईत छै । बाँकी करिब ९२% बजेटके लेल सरकार वैदेशिक अनुदान आ वैदेशिक ऋणपर निर्भर रहल देखाईत छै । अई सँ आब सरकारके आन्तरिक श्रोत व्यवस्थापन आ दीर्घकालिन योजनापर ध्यान देब परत से देखाबैत छै ।

स्रोत: https://npc.gov.np/images/category/ADP.pdf

## नेपाल अपडेट



काभ्रेपलाञ्चोक जिलाके चण्डेनी मण्डनमे सिमान्तकृत माझी समुदायके प्रधानमन्त्री कृषि आधुनिकीकरण परियोजना अन्तरगत आलु सुपरजोनमे मुल बीज छानैत स्त्रीसभ ।

चित्र: केशवराज पौडेल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १८,१३,२०४

पोजेटिभ: २,४५,६५०

उपचाररत: १२,३८६

मृत्यु : १६६३

सन्चो भएका : २,३१,६०१






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



सरकारद्वारा सार्वजनिक सेवामे काम करवला कर्मचारीमे कोभिड - १९ के संक्रमण देखेलापर एकान्तकासमे रहल अवधीके सार्वजनिक छुट्टी मानब कहने छै । निजी संघसंस्थाके हकमे कि हेतै ?

निजी संघसंस्थाके हकमे सेहो उहे व्यवस्था लागु हेतै कहिक संघिय मामिला तथा सामान्य प्रशासन मन्त्रालय सब निकायसभके परिपत्र जारी केने छै । जै अनुसार, सम्बन्धित कार्यालय प्रमुखके अलग्गे अथवा एकान्तवासमे रहल या अस्पताल भर्ना भेल बातके प्रमाणित कर परतै । एकान्तवासमे रहल कर्मचारीके हकमे बेसीमे १४ दिन आ अस्पताल भर्ना भऽ ईलाज करेने कर्मचारकेि अस्पतालमे ईलाज कराएल अवधीभैरके सार्वजनिक छुट्टी कायम कऽदेब कहने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/Khm9nWr



सरकारद्वारा कोभिड - १९ के परीक्षण कर एन्टिजेन टेष्ट शुरु करब कहने छलै । कि ई पिसिआर जतबे विश्वस्नीय छै ?

स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा काठमाण्डौके किछ तोकलगेल क्षेत्रसभमे कोभिड - १९ के एन्टिजेन टेष्ट परीक्षण केने छै । ऊ परिक्षण भगेलाके बाद जै व्यक्तिसभके पोजेटिभ देखेलै, ओकरासभके पोजेटिभ मानल जेतै । जेकर रिपोर्ट नेगेटिभ एलै, तै मे सँ लक्षण भेलसभके पिसिआर परिक्षण कएल जेतै आ लक्षण नै भेलसभके फेर परिक्षण कर नै परतै । एन्टिजेन जाँचके पुष्टिकरके लेल कोभिड - १९ के पिसिआर परिक्षण सेहो संगसंगे कएलगेल छलै । तेकर रिपोर्ट जल्दिये सार्वजनिक हेतै आ एन्टिजेन परिक्षण पिसिआर परिक्षण जतबे प्रभावकारी देखेलै सेहो स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौलक अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/ehT9L75



कतार प्रहरीमे जायके लेल अन्तरवार्ता लऽरहल जगहपर वैदेशिक रोजगार विभाग छापा मारलक । आब अन्तरवार्ताके लेल पैसा आ राहदानी बुझेने सभके कि हेतै ?

वैदेशिक रोजगारीम कतार प्रहरीमे जाएब कहि एस.ओ.एस म्यान पावर सर्भिस प्रा.लि., होप ईन्टरनेश्नल प्रा.लि. आ डि.डि. ह्युमन रिसोर्स प्रा.लि. या ओई कम्पनी सँगे सम्बन्धित व्यक्ति या आरो कोनो म्यानपावरमे राहदानी या रकम बुझेने व्यक्तिके, २०७७ पुष २१ गते भितर प्रमाण सहित वैदेशिक रोजगार विभाग या नजिकके श्रम तथा रोजगार कार्यालय या जिला प्रशासन कार्यालयमे उजुरी दऽसकैत छी । तहिना कऽक, वैदेशिक रोजगार विभागके अनुगमन शाखाके ईमेल पता monitoring@dofe.gov.np मे मेल कऽक सेहो उजुरी दऽ सकैत छी ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/166/lan/ne-NP



भिजिट भिषामे वैदेशिक रोजगारीमे गेलसभ ठगेलापर या फँसला पर वैदेशिक रोजगार विभाग उजुरी नै लेब कहने छै ?

श्रमके लेल भिजिट भिषामे गेल व्यक्तिसभके सेवा, शर्त तथा सुविधाके सम्बन्धमे वैदेशिक रोजगार ऐन तथा नियमावली, २०६४ सेहो आकर्षित नै होईछै आ व्यक्ति स्वयं जिम्मेबार हेतै कहिक वैदेशिक रोजगार विभाग अई सँ पहिलेही सूचना सार्वजनिक केने छलै । लेकिन, फेर एहन बहुते उजुरी आब लगलाके बाद तहिना वैदेशिक रोजगारीमे जाऽक फँसलापर या जायव कहिक राहदानी या रकम बुझेने व्यक्तिके ३० दिनके भितर प्रमाण सहित उजुरी देव विभाग फेर दोसर सूचना जारी केने छै ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/167/lan/ne-NP

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५९,२७४ | १,४५,२४० | ८८,४९५ | १,४०,५१६ | १,८१,४०५ | १,२५,६६९ | ७८,४९९ | ४०,०९८ |
| नेपाली संक्रमित | ५,२५० | २,१५० | ४५१ | २७,४१२ | ४,५०० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८४ | १२ | ३ | १८ | ३९ | १ | | |

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

साउदी स्थित नेपाली दुतावासद्वारा साउदी अरबके जुवेल एरियामे रहवला श्रमिक मित्रसभके भिषा नविकरण कर या हराएल या फाटल राहदानीके नयाँ बनाबमे सहज होई कहिक, ईहे आबवला शुक्रदिन ११ डिसेम्बर २०२० मे एकदि( वसिय शिविर सञ्चालन करलागल छै ।

**स्थान:** एभरेष्ट नेपाली रेष्टुरेन्ट, जुवेल

**एत भेटवला सेवासभ**

फोटो खिचनाई, औंठा छाप, हस्ताक्षर लेनाई आ अनलाईन फारम भरल आधारमे निकालल गेल नामके सूची ।




**राहदानी आवेदनके लेल आबकाल साथमे अनिवार्य लाबवला कागजातसभ :**

१. सक्कल राहदानी

२. राहदानीमे अपन फोटो भेल पृष्ठ आ पृष्ठ नं.३१ के छाँयाप्रति एक/एक प्रति

३. नागरिकताके छायाँचित्र एक प्रति (आगु आ पाछु दुनु पृष्ठ एके पन्नामे आबै तेना क)

*राहदानी दस्तुर साउदी रियाल २००*

*हराएल या कोनो कारण सँ बिगइल या फाटल हेतै त साउदी रियाल ४००*

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड – १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ अन्त्यतक पोखरा महानगरपालिका कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे केने खर्चके विवरण




पोखरा महानगरपालिकाद्वारा उपलब्ध कराएलगेल विवरण अनुसार महानगरसँ कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे ८ करोड सँ बेसी खर्च भेल देखाईत छै । उपरके रेखाचित्रमे महानगर सँ अलग अलग शिर्षकमे केने खर्चके प्रस्तुत कएलगेल छै । महानगर सँ केने खर्चके देखला सँ, सेनिटाईजर टनेल आ सडक धियापुताके व्यवस्थापन करमे केने खर्च एकदम सकारात्मक छै । बहुतोरास खर्च शिर्षकसभ जेना कि : क्वारेन्टाईन, आईसोलेशन, दवाई, उपकरण आ पिपिईमे भेल खर्च अपनेमे स्पष्ट छै । राहत वितरणमे ३ करोड १९ लाख सँ बेसी खर्च भेल देखाईत छै । अई मे सँ किछ रुपैया दवाई तथा स्वास्थ्य उपकरण किनमे उपयोग कएल जासकैत छलै कहिक प्रश्न करके जगह रहैछै । तै सँ, स्थानीयके विश्वास जित आ राहत वितरणमे भेल खर्चके पारदर्शी बनाव प्रत्येक स्थानीय तहके विस्तृत विवरण सार्वजनिक केनाई जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौँ । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौँ ।

# कोभिड - १९ सँ एकदिस रोजगारी छिनलक, दोसर दिस ऋणमे डुबेलक




किछ मित्रसभसंगे ८ महिना आगु हम वैदेशिक रोजगारीमे कुवेत गेल छलौ । हम ३ महिना ओत रहलौ । काम सेहो कहल जेहन नै भेल आ पारिश्रमिक सेहो कहल जेहन नै देलक । महिनाके जम्मा तलब ५० कुवेती दिनार (करिब २० हजार रुपैयाँ) मात्रे छलै । ओही पैसा सँ खेनाई रहनाई सब व्यवस्था अपने कर परैछलै । हमसभ काम कलरहल कम्पनी चाईनिज छलै । कम्पनीमे कार्यरत कामदारमे कोरोनाके संक्रमण देखेलाके कारण शुरुमे कम्पनी सील केलकै । तेकर बाद त कम्पनी बन्द भेलै ।

हमरसभसंगे काम करवला मे सँ ८ कोई साथीसभके मृत्यु भेलै । हम ओई विषयमे आवाज उठारहल छलौ । कम्पनीके ओकरसभके परिवारके क्षतिपुर्ति देब परत कहिक कहने छलौ । तेकर बादे सँ हमरासभके कम्पनी निकाईलक घर पठाब चाहैछल, लेकिन माहौल नै मिलल छलै । उम्हर रहके वातावरण नै भेलाके बाद कोरोना महामारीके बीचेमे हमसभ स्वदेश फिर्ता एलौ ।

किछ कमाएब कहिक ऋण खोईज क विदेश गेल छलौ । कमाई त दूरके बात, फिर्ता आबके टिकट सेहो घरे सँ मंगाब परल । हमसभ प्रकृया पुरा कलक वैदेशिक रोजगारीमे गेल छलौ । काठमाण्डौ एलाके बाद हमसभ क्षतिपुर्तिके लेल वैदेशिक रोजगार विभागमे उजुरी देलौ । शुरुमे विभाग बास्ते नै केलक । लेकिन बादमे बहुते जगह सँ दवाव देलाके बात दर्ता त केलक, लेकिन अखन तक ओकर कोनो सुनबाही नै भेल छै । क्षतिपुर्तिके लेल हमसभ मन्त्रालय सेहो पहुचलौ । ओत सँ सेहो कोनो सुनवाही नै भेल । अखन घर आबीक रहि रहल छी । आब कि करब आ केना करब किछ नै बुझल अछि । कोभिड सँ त एक दिस रोजगारी छिनलक, दोसर दिस ऋणमे सेहो नै बढिया सँ डुबेलक ।

**मातृका शर्मा**

*भेरीगंगा नगरपालिका - १, सुर्खेत*

# सही सूचना

# नेपालमे दैनिक पिसिआर परीक्षणके संख्या आ पोजेटिभ देखायके दर

## २०२० डिसेम्बर महिनामे दैनिक पिसिआर परीक्षणके संख्या आ पोजेटिभ देखायके दर




उपरके रेखाचित्रमे २०२० डिसेम्बर महिनामे दैनिक पिसिआर परीक्षण कएलगेल संख्याके देखाएलगेल छै । यद्यपी दैनिक परीक्षणके संख्या उपर निचा भऽरहल छै, लेकिन अई समयमे संक्रमण पोजेसटभ देखायके दर सेहो ओहने छै । अई सँ कोभिड - १९ के जोखिम अखनो सेहो ओहने छै से देखाबैत छै । नेपालमे महामारी शुरु भेल ९ महिना बाद सेहो दैनिक परिक्षणके दर सन्तोषजनक नै छै से देखाबैत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219